


Bhaibheri re vana
Rikukupai

Jesu Mudzidzisi Mukuru



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus
Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Alastair Paterson
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada


©2022 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.





Jesu akanga
ari mudzidzisi mukuru. Vanhu
vazhinji vakamuteerera. Jesu
akadzidzisa kuti vanhu vanofanira
kuva netsitsi, uye vanofanira
kuitira vamwe zvakanaka.






Jesu akadzidzisa
zvakanwanda.
Akadzidzisa kuti
vanhu vaMwari
vanoisa chiedza
panzvimbo
sezvinoita rambi
kana raiswa
munzvimbo ine rima!



Jesu akanga achitaura nevanhu
vakanga vachitenda tsika yokutsiva
vamwe. Asi Jesu akadzidzisa
ruregerero, uye
kuda vanhu vose,
kunyangwe
vanotiitira
zvakashata.





Vamwe vanhu vakanyepera kuva vakarurama. Mushure mokunge vabatsira varombo, vakanga vachida kuti munhu wose azive zvavakanga vaita. Jesu akati, "Kana muchipa, itai makavanzika kuti baba venyu vari kudenga

vazokuropafadzai."



Jesu akadzidzisa zvimwechete pamusoro pekunamata. Vamwe vanhu vainamata pakati peguta pakanga pakazara vanhu. Vakanga vasina hanya naMwari asi vakanga vaine basa nokuti vanhu vaifungei pamusoro pavo. Jesu akavati vanhu vakanga vasina kururama.




Rimwe zuva Jesu akadzidzisa achiti,
"Baba venyu varikudenga vanopa shiri
zvokudya. Imi regai kunetsekana.
Mwari vanokupai zvokudya."



Jesu akati, "Kunyangwe mutangamiri Soromoni akanga asina kupfeka zvakanaka semaruva ari panze. Kana Mwari vachipa maruva zvokupfeka, vangatadza here kupa imi zvokupfeka?" Jesu akanga achidzidzisa vanhu kuti vatende kuna Mwari uyo anotipa zvose zvatinoda.



Jesu akati, "Kana ukaona kutadza kweumwe munhu, zvakafanana nokuedza kubvisa kamuti muziso reumwe iwe uine danda muziso rako." Zvichida vanhu vakaseka, asi vakafanira kufunga kuti Jesu akanga achirevei.





Jesu akataurira vanhu kuti vakumbire Mwari rubatsiro. Baba vako vanokupa here dombo kana ukakumbira chingwa? Kwete! Vanopa zvipo zvakanaka. Kana Mwari anopa zvipo zvakanaka kune vose vanokumbira.




Jesu, mudzidzisi mukuru akarayira
nokuda kwevadzidzisi venhema.
Akati, "Vanouya vakapfeka nguwo
dzinenge dzehwai, asi mukati
makava!" Akati vadzidzisi venhema
vanozivikanwa nokuda kwe hupenyu
hwavo.



Jesu akataurira vanhu kuti kuteerera shoko
raMwari kwakafanana nomunhu anovaka imba
yake padombo. Mhepo yakasimba yakauya asi
imba yakanga iri
padombo haina
kudonha.



Asi murume asina uchenjeri akavaka imba yake paivhu. Mhepo yakarova, imba iyi ichibva yadonha nokuti yakanga isina kusimba. Jesu akati vanhu vasingatereri shoko raMwari vakaita seimba iyi.



Vanhu vakashamisika nemanzwi
aJesu. Vakanga vasina kumbonzwa
zvakaadai. Vakaziva kuti zvakanga
zvisina kunaka kungonzwa shoko,
asi vaifanira kuita
zvarinotaura.



Jesu Mudzidzisi Mukuru

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi


Inowanikwa mu

Mateo 5-7, Ruka 6

"Mazwi enyu anotipa kuchena."


Mapisarema 119:130





Magumo

42



60



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achaya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

